Recueilli par : Oumar DIALLO

Dit par : Cheikh Mbacké GUEYE
griot, demeurant à Louga

--------

# AJJI WEDDI JI

Dafa fi amoon benn beykat boo xam ni dafa amoon genn ngoro. Ngoro gi nag, mu ni sama gerte gii may bey daal bu ñoree ba ma déqi ko, ba bàcc ko, ba jéri ko, su ma ko jaayee dinaa jënd waxande, dinaa jënd nangam, dinaa jënd nangam, dinaa jënd nangam...

Moroom mi ni ko :

- Yow tee ngaa wax "bu soobee Yàlla".

Mu ni ko :

- Bu soobee Yàlla ak bu soobul Yàlla, dinaa am nangam.

- Aa kon baax na.

Mu bey gerte ga, j. ko, raadu ko, ballarñi ko, jal ko, naaf ko, bàcc ko ba gerte gi def gerte. Mu sol ko ciy saaku, sëf ko ciy mbaam ak i sareet dem jaayi ko.

Bi mu jaaye gerte gi nag ba jël xaalis bi, ndekke tubëy ja mu doon beye la sol. Mu jël xaalis bi yépp daldi koy dugal ca poos ba nag. Ndekkete poos bi jinax yi newoon ci gaal gi ñoo ko cuqati lekk ko. Xaalis ba yépp yulléeku.

Waa ji ànd ak ay moroomam ñu dem ci biir dëkk ba, ni day xottil yëré coroom li nga xam ni dafa koo bëgg takk. Mu dugg ci bitigu Naar bi, daldi ni ko :

- Naar, jox ma piisu legoos.
Naar bi wàcce piis bi.
- Jox ma dàll.
Lu mu ko laaj rekk mu wàcce ko.
- Jox ma waliis, jox ma montor...
Lu mu ko wax rekk Naar bi wàcceel ko ko. Ba mu yàgg Naar bi ni ko : Yaa xay, waxal kalkil book man sonn na ci wàcce bi.

Mu ni ko :

- Waxal lépp ma fey.

Naar bi ni ko :

- Fukki junni ak benn.

Nakk mu dugal loxo bi ci poos bi mu daldi sar. Ndekkete yoo xaalis ba réer na. Mu tëb di dow daldi dof naan :

- Bu soobee Yàlla, bu soobee Yàlla, bu soobee Yàlla....

Ku ni ko looy wax nii ?

Mu ni la :

- Bu soobee Yàlla....

- Lu la réer ?

- Bu soobee Yàlla...

Mu daldi dof ba faww. Moo tax lu waay di wax war na caa boole "bu soobee Yàlla".